

Sifilis

Sifilis se yon enfeksyon bakteryèn ki pwopaje nan fè bagay nan vajen, nan dèyè ak nan bouch. Li kapab tou pase soti nan yon moun ki ansent bay ti bebe yo pandan gwosès la. Sifilis ka pwopaje nan bo si gen maleng sifilis nan bouch la oswa sou po bouch yo.

Sentòm yo

Pifò moun ki gen sifilis pa janm remake okenn sentòm. Sentòm yo gen ladan yo:

- Maleng louvri ki pa fè mal, yo rele chank ki ka rive sou po ki ekspoze pandan w ap fè bagay (jenital yo, anis, bouch)
- Gratèl, espesyalman sou pla men yo oswa plant pye yo
- Pèt cheve inegal, lafyè, glann lenfatik anfle, pèt pwa, doule ak fatig nan misk



Sifilis



Prevansyon

Kapòt ak pwoteksyon bouch ka anpeche pwopagasyon sifilis, men se sèlman si yo kouvri chank lan (maleng). Gen plizyè patnè ogmante risk ou pou pran ak pwopaje enfeksyon moun pran nan fè bagay yo (sexually transmitted infections, STIs), ki gen ladan sifilis.

Tès

Pwofesyonèl swen sante ou pral teste pou sifilis ak yon echantiyon san.

Tretman

Sentòm sifilis yo evantyèlman disparèt avèk oswa san tretman, men san tretman, enfeksyon an rete nan kò a epi li ka kontinye koze domaj. Yon piki antibyotik se pi bon tretman pou sifilis. Pwofesyonèl swen sante ou pral administre omwen yon (1) piki (pafwa jiska twa (3) piki). Tretman konplè

a nesèsè pou trete enfeksyon an, kidonk li enpòtan pou w konplete tretman an. Ou ta dwe reteste apre twa (3) mwa pou asire w ke enfeksyon an trete.

Poukisa Pou w Jwenn Tretman

Si li pa trete, sifilis rete nan kò a. Menm si sentòm yo disparèt, sifilis ka andomaje kè ou, sèvo ou ak sistèm nève ou, epi evantyèlman mennen a lanmò.

Lè w gen sifilis, li plis fasil tou pou pran oswa transmèt VIH.

Patnè Seksyèl yo

Patnè seksyèl ou yo dwe trete tou pou yo pa devlope pwoblèm sante grav, re-enfekte w oswa pase enfeksyon an bay lòt moun. Ou ta dwe di tout patnè seksyèl ou te genyen pandan dènye twa (3) a 12 mwa yo sou enfeksyon ou a pou yo kapab evalye yo. Pwofesyonèl swen sante ou a pral ede ou detèmine ki patnè ou ta dwe kontakte.

Sifilis ak Gwosès

Tout moun ki ansent ta dwe teste pou sifilis ak lòt STI yo, ki gen ladan VIH, osito posib nan gwosès la. Yon moun ki ansent ki gen sifilis ka transmèt enfeksyon an bay tibebe yo pandan gwosès la. Yo rele sa sifilis konjenital. Sifilis konjenital ka lakòz tibebe ki fèt tou mouri, nesans prematire, pwa ki ba pou tibebe ki fenk fèt, oswa lanmò yon ti tan apre nesans la.

Klinik Sante Seksyèl Vil New York yo bay sèvis konfidansyèl, ki pa koute chè oswa gratis ki gen ladan tès STI ak VIH.

Pou jwenn yon klinik, vizite nyc.gov/health/clinics.